

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Aya opat aspék kaparigelan basa dina pangajaran basa nya éta maca, nulis, ngaregepkeun, jeung nyarita. Ieu aspék-aspék téh penting pisan dipikaharti ku siswa pikeun ngahasilkeun prosés diajar-ngajar anu hadé. Maca jeung nulis mangrupa bagéan tina kaparigelan basa salian ti nyarita jeung ngaregepkeun. Kaparigelan maca kaasup kaparigelan basa anu sipatna narima, ari kaparigelan nulis téh mangrupa kaparigelan basa anu sipatna produktif. Maca jeung nulis tinangtu merlukeun média anu disebut aksara. Kaopat beungkeutan kaparigelan basa, pangajaran aksara Sunda asup kana kaparigelan maca jeung nulis aksara Sunda.

Ti jaman baheula, urang Sunda geus boga aksara sorangan nya éta aksara Sunda najan dina kahirupan sapopoé jaman kiwari mah langka dipaké, nu mindeng dipaké nya éta aksara latén. Mangtaun-taun aksara Sunda leungit, kaganti ku aksara cacarakan. Balukarna, masarakat Sunda leuwih nyaho jeung leuwih apal kana aksara cacarakan tibatan aksara Sunda. Dina pamikiran masarakat Sunda harita, aksara cacarakan téh nya éta aksara Sunda. Ku kituna, perlu ayana hiji tarékah pikeun ngamumulé aksara Sunda sangkan masarakat Sunda mikanyaho jeung wanoh kana aksara Sunda.

Salah sahiji tarékah pamaréntah dina raraga ngamumulé aksara Sunda nya éta ku cara ngasupkeun pangajaran aksara Sunda kana pangajaran Muatan Lokal basa Sunda dina struktur kurikulum *Pendidikan Dasar* ti mimiti SD, SMP, nepi ka SMA/SMK di Jawa Barat. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda ditangtayungan ku nagara. Sakumaha anu kaunggel dina UUD 1945, BAB XV , péréléan pasal 36 anu nétélakeun yén “di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rahayatna kalawan hadé, éta basa téh bakal diajénan jeung dipiara ogé ku nagara”. Salian ti éta, diwewegan deui ku ngeunaan Ngabakukeun Aksara Sunda dina Perda No. 6 taun 1996 anu diropéa deui jadi

Herni Apriani, 2016

PANGARUH MÉTODEU IQRA DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA KANA KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Perda No. 5 taun 2003 bab IV pasal 7 ngeunaan Miara Basa, Sastra jeung Aksara Daérah. Dina éta Perda ditétélakeun yén *Aksara daerah adalah system ortografi hasil masyarakat daerah yang meliputi aksara dan system pengaksaraan untuk menuliskan bahasa daerah*. Diwuwuh deui ku ngajanggélékna *Surat Keputusan Gubernur Kepala Daerah Tingkat I Jawa Barat No. 434/SK-614-Dis.PK/99*, ngeunaan Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD). Mun ditilik sacara yuridis formal, kacida kuatna ku ayana tatapakan hukum di luhur.

Kaputusan anu dikaluarkeun ku pamaréntah mangrupa salahsahiji cara pikeun ngajaga sarta ngariksa budaya titinggal karuhun anu meh sirna lantaran geus langka dipaké. Basa Sunda mangrupa basa daérah urang Sunda. Ku ayana pangajaran basa Sunda di unggal sakola dipiharep bisa méré bantuan ka para siswa sangkan mikawanoh dirina jeung budayana. Salian ti éta, pangajaran basa Sunda dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina komunikasi (campur gaul) sapopoé ngagunakeun basa Sunda kalayan hadé tur bener, boh ngaliwatan lisan atawa tulisan.

Tatapakan aksara anu ditetepkeun dumasar kana: 1) wangunna nojo kan aksara Sunda kuno, nepi ka nu aslina tetep kajaga; 2) wangunna anu basajan nepi ka gampang dituliskeunana; 3) sistem nuliskeunana per kecap; 4) ejahanana dumasar kana basa Sunda anyar nepikeun ka gampang dibaca; 5) merhatikeun unsur kaéndahan (éstétika) nepikeun dipikaresep ku nu makéna, sarta bisa dijieun rupaning hasil karya seni, kaligrafi di antarana; 6) daftar abjad disaluyukeun jeung kosa kecap basa Sunda anyar; 7) tanda bacana sarua jeung aksara latén; jeung 8) kamungkinan ditulis maké alat cétak modern, saperti mesin ketik, mesin cetak, jeung komputer (Cahyadi, 2011:4).

Kaparigelan maca jeung nulis aksara Sunda siswa dina pangajaran aksara Sunda di sakola-sakola mangrupa salah sahiji cara anu pangéféktifna pikeun ngawanohkeun aksara Sunda jeung sistem tata tulisna. Sanajan dina prak-prakanana tinangtu loba kahéngkeran dina nepikeunana, di antarana waé, nya éta alokasi waktu anu disadiakeun dina silabus teu nyukupan; kurangna karesep siswa kana pangajaran aksara Sunda, Ieu hal téh balukar tina anggapan siswa yén aksara Sunda hésé diapalkeunana; kurangna kamampuh guru dina ngawasa pangajaran aksara Sunda; model pangajaran anu digunakeun ku guru teu

nyumponan tujuan pangajaran; jeung métodeu anu digunakeun nya éta métodeu konvènsional.

Sok sanajan kungsi diajarkeun saméméhna di SD, SMP, jeung ayeuna di kelas X SMA, kaasup SMK Pasundan Subang, kamampuh siswa dina maca jeung nulis aksara Sunda masih kawilang handap kénéh, utamana dina maca. Ieu hal balukar tina métodeu pangajaran guru kurang tepat dilarapkeun dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda. Rata-rata, dina ngajarkeun aksara Sunda, ngagunakeun métodeu konvènsional sangkan siswa apal aksara vokal jeung ngalagenana, tuluy siswa bisa nyalin tina aksara latén. balukarna siswa leuwih parigel nulis daripada maca. Kitu ogé apal kana aksara Sunda téh ukur saharitaeun wungkul salila prosés pangajaran aksara Sunda, nalika geus ganti matéri, komo bari teu ditoél deui, siswa sok poho deui. Kitu deui dina pasanggiri nulis aksara Sunda, hampir kabéh pamilon leuwih lancar nulis dari pada macana.

Métodeu anu digunakeun ku guru biasana ngagunakeun métodeu konvènsional anu dilarapkeun ka anak didikna. Dina prak-prakanana Guru nepikeun materi ku cara ngawanohkeun heula aksara Sunda Kaganga, boh aksara swarana, aksara ngalagenana, angka, atawa rarangkénna. Sanggeus siswa wanoh kana aksara Sunda, dieuyeuban ku seringna latihan nulis (nyalin aksara latén kana aksara Sunda).

Sangkan dina prosés diajar ngajar ngeunaan aksara Sunda teu monoton jeung bisa ngaronjatkeun karep siswa kana diajar, digunakeun hiji métodeu pangajaran. Nurutkeun Komalasari (2011: 56), métodeu pangajaran nya éta cara anu digunakeun pikeun ngalarapkeun rarancang anu geus disusun dina wangun kagiatan nyata jeung praktis pikeun ngahontal udagan pangajaran. Nurutkeun Isnainy, (2014:267), pikeun ngaronjatkeun fasilitas pendidikan ku cara ngalarapkeun métodeu pangajaran aksara Sunda nya eta kucara ngagunakeun teknologi informasi komputer interaktif, bisa dijadikeun panyumanget karep siswa jeung bisa mantuan guru dina nepikeun pangajaran aksara Sunda.

Salah sahiji métodeu pangajaran anu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca jeung nulis aksara Sunda nya éta métodeu Iqra. Ngaliwatan ieu métodeu, dipiharep siswa bisa maca aksara sunda kalawan lancar. Lamun geus lancar maca, sacara teu langsung siswa apal kana aksara vokal jeung ngalagena,

tinangtu éta hal bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda kalawan lancar.

Nyoko kana sawatara hal di luhur, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa dina maca jeung nulis aksara Sunda. Sok sanajan panalungtikan ngeunaan aksara Sunda geus loba nu nalungtik, tapi bisa ditingali dina unggal judul panalungtikanana, métodeu anu dipaké dina panalungtikanana masih ngagunakeun métodeu konvènsional nu museur kana kaparigelan nulis aksara Sunda, anu museur kana kaparigelan maca mah can aya. Sok padahal, sanggeus siswa bisa lancar maca, kaparigelan nulis kalawan lancar bisa nuturkeun.

Panalungtikan ngeunaan aksara Sunda geus kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana waé: (1) “Kamampuh Nulis Aksara Sunda Ngagunakeun Métodeu Démonstrasi SMA Kelas X YAS Bandung” (Nur Kurnia Asih, 2008); (2) “Pangajaran Nulis jeung Maca Aksara Sunda Ngagunakeun Média Gambar Huruf Kaganga (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas X SMA I Pasundan Bandung Tahun Ajaran 2008/2009)” (Atin Supriatin, 2009); (3) “Éféktifitas Média Visual dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda di Kelas X SMK BPP Bandung Taun Ajar 2009/2010” (Firman Setia Budi, 2010); (4) “Média Flash Card pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Tindakan Kelas Siswa Kelas X-1 Semester 1 SMAN 1 Majalaya taun ajaran 2012/2013)” (Errin Ervani, 2013); (5) “Keefektifan Modél Make A- Macth dan Model Explicit Instructin dalam Pengajaran Menulis Aksara Sunda: Penelitian Eksperimen untuk Siswa Kelas X SMAN 1 Sukaresmi Tahun Ajar 2012/2013” (Elsi Juliar, 2013); (6) “*Memorization Model Of Mnemonics Method in Learning Aksara Sunda Writing*” (Sri Nurbaeti, 2013); (7) “Éféktifitas Métodeu Kolaborasi Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Ékspérimén Murni ka Kelas X SMAN 1 Warungkiara Tahun Ajaran 2013/2014)” (Dede Solihah, 2014); jeung (8) “Média Strip Story dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Ékspérimén di Kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI Tahun Ajar 2013/2014)” (Ranu Sudarmansyah, 2014).

Panalungtikan anu geus dilaksanakeun di luhur, aya patalina jeung kamampuh nulis aksara Sunda, sadayana panalungtikanana nekenkeun kana

kamampuh nulis aksara Sunda. Panalungtikan séjén ngeunaan aksara Sunda diantarana waé: (1) “Komunikasi Intruksional Pengajar dalam Membentuk Sikap Anggota untuk Melestarikan Aksara Sunda sebagai Budaya Sunda” (Gita Tresna Sakti, spk., 2012); (2) “Aplikasi Pembelajaran Aksara Sunda untuk Sekolah Dasar Berbasis Multimédia pada SDN Cicinde Utara 1 Banyusari Karawang” (Rr. Tri Isnainy R, spk., 2014); (3) “Pengenalan Tulisan Aksara Sunda Offline dengan Jaringan Syaraf Tiruan Backpropagation” (Dea Rokhmatun Iradewa, 2015); (4) Eksplorasi Tekstur Tiga Dimensional dengan Aksara Sunda Baku sebagai Inspirasi Visual pada Produk Fashion” (Amanda Rahmadhani, 2013); (5) “Perancangan *Game Puzzle* sebagai Media Pembelajaran Aksara Sunda” (Rendra M. Ridwan, spk., 2013);

Anu nekenkeun kana kamampuh maca aksara Sunda heula mah can aya. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Pengaruh Métođu Iqra dina Pangajaran Maca Aksara Sunda kana Kamampuh Nulis Aksara Sunda” (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa Kelas X AK SMK Pasundan Subang Taun Ajaran 2015/2016)” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, kamampuh maaca jeung nulis aksara Sunda siswa dina pangajaran aksara Sunda leuwih lancar nulisna batan macana boh dina aksara swara, aksara ngalagena, rarangkénna jeung angka aksara Sunda Kaganga. Métođu nu dipaké guru dina ngajarkeun aksara Sunda leuwih museurkeun kamampuh nulis aksara Sunda. Suméndér kadinya, ieu panalungtikan hayang ngarobah métođu anu dipaké dina ngajarkeun aksara Sunda anu nekenkeun siswa lancar maca.

Aya sawatara masalah nu perlu dirumuskeun patali jeung ieu panalungtikan. Eta rumusan masalah téh bisa ditepikeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha prosés prakna métođu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda?
- 2) Kumaha kamampuh awal jeung ahir maca aksara Sunda siswa kelas X AK SMK pasundan Subang saméméh jeung sanggeus maké métođu iqra?

- 3) Kumaha kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang saméméh jeung sanggeus pangajaran maca aksara Sunda maké métodeu iqra?
- 4) Naha aya pangaruhna kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus pangajaran maca aksara Sunda maké métodeu iqra?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Nilik kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun

- 1) Prosés prakna métodeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda;
- 2) kamampuh awal jeung kamampuh ahir maca aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang saméméh jeung sanggeus maké métodeu iqra;
- 3) kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang saméméh jeung sanggeus maké métodeu iqra; jeung
- 4) pangaruh métodeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda kana kamampuh nulis aksara Sunda.

1.4 Mangpaat Panalugtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban tiori kaparigelan basa jeung tiori pangajaran Basa Sunda, jeung bisa méré informasi pikeun sistim atikan, hususna dina milih métodeu anu éféktif dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan téh aya mangpaatna pikeun guru, siswa, jeung panalungtik.

- 1) Pikeun guru, bisa dijadikeun alternatip milih métodeu anu leuwih éféktif keur ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca jeung nulis aksara Sunda.
- 2) Pikeun siswa, hasil panalungtikan bisa ngaronjatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda sarta meunang pangalaman jeung latihan nu

leuwih éféktif nepikeun ka mampuh maca jeung nulis aksara Sunda kalawan lancar.

- 3) Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa dijadikeun pangalaman panalungtikan patali jeung métodeu pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda. Lian ti éta, panalungtik bisa ngalarapkeun jeung mekarkeun métodeu pangajaran.

1.5 Sistematika Laporan Panalungtikan

Ieu tésis téh disusun jadi lima bab. Bab 1 mangrupa bubuka anu eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu baris ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta sistematika laporan panalungtikan.

Bab II dijudulan ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis. Anu eusina ngawengku métodeu pangajaran, metodeu iqra, watesan jeung ciri métode iqra, léngkah-léngkah métodeu iqra, tiori maca, tiori nulis, tiori aksara Sunda, pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda, métodeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III dijudulan métodeu panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung uji sipat data.

BAB IV dijudulan hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngeunaan pedaran jeung déskripsi tina hasil panalungtikan jeung analisis data hasil panalungtikan anu ngawengku gambaran prosés pangajaran maca aksara Sunda maké métodeu Iqra, kamampuh awal jeung ahir maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké métodeu iqra, kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké métodeu iqra, ngadéskripsikeun ngaronjatna kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda, sarta ngadéskripsikeun pangaruh métodeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda kana kamampuh nulis aksara Sunda.

Bab V medar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis data anu dipedar dina bab saméméhna. Lian ti éta, diébréhkeun ogé sawatara rékomendasi pikeun

kamekaran élmu pangaweruh dina widang atikan jeung panalungtikan
kahareupna.